



# Aprè Yon Dyagnostik Kansè nan Poumon



Kansè nan poumon se yon tip kansè ki kòmanse nan poumon yo. Poumon yo se yon pè ògàn ki sanble ak eponj ki nan pwatrin ou ki pèmèt lè antre ak soti nan kò a. Yo fè antre oksijèn epi fè soti gaz kabonik, yon pwodwi dechè. Si yo te di w gen kansè nan poumon, ou te pwobableman deja fè radyografi, eskanè ak yon byopsi (yon tès ki pran kèk tisi pou verifye prezans kansè). Gen lòt tès ki te ka fèt sou selil kansè yo pou verifye kèk pwoteyin ak chanjman jèn ke yo rele byomakè. Ou te ka fè lòt pwosedi tou pou w konnen si kansè a te pwopaje. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tip kansè nan poumon ou genyen, ki stad li ye, ak ki tretman ki ta ka ede.

## Tretman pou kansè nan poumon

Tretman w lan pral depann de tip ak stad kansè poumon w lan. Opsyon tretman w yo pral depann tou de rezilta tès sou selil kansè yo, sante w, ak preferans pèsònèl ou.

Gen anpil fason pou trete kansè nan poumon, ki gen ladan chiriji, radyasyon, ak medikaman tankou chimyoterapi, terapi medikaman sible, oswa iminoterapi. Anpil fwa, plis pase yon tip tretman konn nesèsè. Doktè w ap ede w deside ki tretman ki pi bon pou ou.

## Asire w ke w mande:

- Ki objektif tretman an?
- Ki tip kansè poumon mwen genyen?
- Ki stad kansè nan poumon mwen an ye, e kisa sa vle di? Kisa rezilta tès byomakè yo te ye?
- Ki lòt bagay ou te aprann sou kansè nan poumon mwen an apati de rezilta tès mwen yo?
- Èske m ap bezwen plis tès?
- Èske m ap bezwen fè chiriji? Èske yo ka retire kansè a konplètman?

## A kisa pou m atann mwen anvan ak pandan tretman an

Ekip swen kansè w la pral eksplike w plan tretman w lan. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimiyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante, tou depann de tip tretman ou bezwen an. Pa egzanp, si ou bezwen terapi radyasyon, ou pral travay avèk yon onkolojis radyasyon pou konnen sa pou atann anvan, pandan, ak apre tretman radyasyon. Si w bezwen lòt tip tretman, ekip swen kansè w la pral eksplike w kijan yo bay li, ede w prepare pou li, swiv kijan w ye, epi ede w ak nenpòt efè segondè.

Ou ka gen pou fè tou analiz san, eskanè, oswa lòt tès nan sètèn moman pou verifye efikasite tretman w lan.

Se pa tout moun k ap fè tretman pou kansè poumon ki pral gen menm efè segondè yo. Pa egzanp, efè segondè chiriji yo diferan de efè segondè yon chimyoterapi, terapi medikaman sible, iminoterapi, oswa tretman radyasyon. Epi moun kap resevwa menm tretman an ka gen efè segondè diferan.

## Asire w ke w mande:

- Ki opsyon tretman mwen genyen? Kisa ou panse ki pi bon pou mwen e poukisa?
- Èske gen esè klinik k ap fèt pou tip kansè mwen an?
- Ki efè segondè m ka genyen, e ki sa m ka fè pou m evite yo?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m pral resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote m prale pou m jwenn tretman? Èske m ap ka kondwi pou kont mwen?
- Èske m ap kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo, tankou travay ak egzèsis?

## A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Aprè tretman, mande doktè kansè w pou yon rezime tretman ak plan swivi. Yo rele sa yon plan swen sivi. Doktè kansè w pral travay avèk medsen fanmi w oswa medsen tretan w pou ede jere efè segondè tretman an epi kontwole sante jeneral ou. Ou pral gen pou fè tès regilye pou verifye si kansè w lan retounen, oswa pou verifye si yon nouvo kansè kòmanse nan yon lòt pati nan kò w.

Pou kèk moun, kansè a ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tès yo pral toujou nesèsè pou verifye efikasite li.

Ou ka fè fas ak chanjman nan kò w apre tretman. Pa egzanp, poumon w yo ka pa ka travay osi byen yo te konn travay anvan. Si pwoblèm respirasyon limite sa w ka fè, mande ekip swen kansè w si reyabilitasyon poumon oswa terapi poumon ka ede. Mande doktè w a kisa pou atann ou epi fè li konnen si ou gen nenpòt pwoblèm.

Moun ki te gen kansè poumon yo a risk pou yo genyen li ankò oswa fè lòt tip kansè. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande ekip swen kansè w la yon kalandriye regilye pou fè tès swivi pou verifye si kansè nan poumon w lan retounen.

### Asire w ke w mande:

- Ki kote mwen ka jwenn yon kopi rezime tretman mwen an ak yon plan swivi?
- Konbyen fwa map gen pou m wè ekip swen kansè mwen an?
- Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte yo?
- Èske m ap bezwen fè lòt tès pou m wè si kansè m nan retounen, oswa pou m verifye si gen pwoblèm ki lye ak tretman mwen an?
- Èske m ap bezwen fè tès depistaj, tankou yon mamogram oswa kolonoskopi, pou dekouvri lòt kansè byen bonè?
- Èske gen efè segondè ki rive an reta oswa alontèm nan tretman ke mwen ta dwe siveye?
- Èske w panse ke reyabilitasyon poumon oswa terapi poumon ta ka ede m?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen an apre tretman?

### Rete an sante

Asire w ke ou di doktè w oswa ekip swen kansè a si nenpòt efè segondè tretman pa ale oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Gen bagay ou ka fè pou kenbe tèt ou an sante pandan ak apre tretman kansè nan poumon an. Pa fimen ka ede kèk moun ki gen kansè nan poumon viv pi lontan. Evite ekspozè a lafimen lòt moun ak radon lakay ou ak nan travay ou enpòtan tou. Si w ap travay ozalantou pwodwi chimik, mande doktè w pou li di w kisa ou ta dwe eseye evite. Lè w genyen epi kenbe yon pwa ki an sante, lè w manje byen, lè w bwè ase likid, lè w rete aktif, epi lè w evite bwè alkòl, sa yo ka ede w rete an sante tou. Bagay sa yo ka ede diminye risk pou w fè yon nouvo kansè nan poumon oswa lòt kansè.

### Jere emosyon w yo

Lè w gen kansè nan poumon sa ka fè w santi w pè, tris oswa strese. Menm si ou fimen ou pa, ou ka santi w jije oswa koupab ke w gen kansè nan poumon. Li nòmal pou w santi emosyon sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo.

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de emosyon w yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li NÒMAL pou santi w tris oswa deprime detanzantan, men fè ekip swen kansè w la konnen si w santi emosyon sa yo pandan plis pase kèk jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou renmen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd nan aktivite tankou fè manje ak netwaye.

Ou ka kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè relijye oswa gwoup. Konsèy kapab ede tou. Gen kèk moun ki twouve sa itil pou pale ak lòt moun ki te pase pa menm eprèv yo. Yon gwoup sipò ka ofri sa. Di ekip swen kansè w lan kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit Entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan [cancer.org/haitiancreole](https://cancer.org/haitiancreole) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.